



# 5 Bagay Ou Dwe Konnen Sou **ASÈLMAN DISKRIMINATWA**

## Dapre **VIL NY LWA SOU DWA IMEN**

Èske ou se yon moun vize nan katye ou poutèt ras oswa relijyon ou?

Èske yo anmède ou poutèt ou se transjan?

Èske yo te rele sou ou poutèt ou pale yon lang etranje avèk fanmi ou?

**Asèlman diskriminatwa** se menas, entimidasyon, asèlman, presyon oswa vyolans ki:

- Entèfere avèk dwa sivil oswa konstitisyonèl yon moun; ak
- Rive an pati poutèt ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite sèks, oryantasyon seksyèl, laj, enfimite, oswa sityasyon imigrasyon oswa sitwayènte oswa lòt sityasyon aktyèl oswa pèsevwa.

- 1 Li byen senp pou rapòte asèlman diskriminatwa.** Lè y ap rapòte yon zak diskriminatwa bay Komisyon an, toutsa ou dwe fè se rele Komisyon an ak di nou sa ki te rive. Lè sa a, nou pral bay ou yon ti konsèy.
- 2 Yo entèdi tout moun nan vil NY komèt zak asèlman diskriminatwa,** nan menm jan an yo pwoteje tout moun kont asèlman. Yon vwasen anmède ou, yon moun ki atake ou nan lari a, oswa yon pasanje nan bis la se tout zak diskriminatwa kalite sa yo yo pa pèmèt. Anplis, kòm yon atakè kapab gen plizyè rezon pou anmède ou, yo pa pèmèt asèlman diskriminatwa menm si kategori pwoteje viktim la te jwe yon wòl nan motivasyon atakè a.
- 3 Ou dwe toujou rapòte yon zak diskriminatwa, menm si ou vle rete anonim.** Komisyon an kapab travay avèk manm kominotè a nan zòn lan pou anpeche zak tankou sa yo rive ankò.
- 4 Lè yo pote yon ka kont yon moun ki te komèt yon krim, Komisyon an kapab bay lòd kimande pou yo sispann asèlman diskriminatwa a,** k ap anpeche plis abi oswa efè negatif nan asèlman an.
- 5 Komisyon an kapab kòmande anmèdan pou peye depans dirèk yo diskriminasyon an te koze,** ak peye pou konpansasyon pou domaj emosyonèl tou. Anplis Komisyon an kapab kòmande anmèdan an pou peye penalite sivil yo.

### **Vil NY pa tolere asèlman diskriminatwa.**

Tanpri rele 311 mande pou Komisyon pou Dwa Imen Vil NY (NYC Commission on Human Rights) si yon lòt moun menase, anmède oswa entimide ou, oswa itilize vyolans oswa presyon kont ou, poutèt sityasyon pwoteje ou tankou ras, koulè, relijyon / kwayans, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, enfimite (andikap), oryantasyon seksyèl oswa sityasyon imigrasyon. Vil NY Lwa sou Dwa Imen (NYC Human Rights Law) pa pèmèt zak sa yo.